

Charlottesville – Yon Mesaj Espesyal Prezidan Direktè Jeneral nou an

Chè Manm Kominote Hebrew Public,

Pifò nan nou gen difikilte pou dijere sa k ap pase nan peyi nou depi apre manifestasyon ak vyolans nan Charlottesville yo. Mwen menm pèsònèlman, mwen gen yon semèn depi mwen t ap goumen pou mwen ekri pandan mwen konnen elèv nou yo toujou nan vakans dete, epi se jis jodiya pwofesè nou yo pral retounen travay. Pami lòt bagay, mwen konnen byen se raman li apwopriye pou yon dirijan nan yon òganizasyon lekòl piblik di bagay yo kapab konsidere kòm deklarasyon politik.

Men, mwen kwè sa mwen pral di yo la a plis yon deklarasyon moral pase yon deklarasyon piblik. Yon sosyete, yon gouvènman, yon kominote, ak yon lekòl leta kapab reflekte plizyè diferan lide. Lekòl, menm pou jèn timoun yo, ta dwe kote ki ankouraje konvèsasyon ak deba.

Men, pa dwe gen okenn deba ki ankouraje youn rayi lòt. Pa dwe gen ni deba, ni apwi, ni tolerans pou kwayans ki reklame yon ras, oswa gwoup etnik, oswa relijyon, pi bon pase lòt. Lè ou kreye yon espas pou diferan opinyon, se pa menm bagay ak lè ou kreye espas pou moun eksprime kijan yo rayi lòt, eksprime santiman ki rasis kont lòt ras, santiman kont jwif, oswa santiman kont moun ki soti nan lòt peyi nou wè k ap layite plis de jou an jou nan peyi nou.

Yo te kreye lekòl Hebrew Public yo pou yo te ka gen tout kalite moun. Yo se lekòl pou tout moun - kèlkeswa kote li soti. Kominote nou eseye kreye a se youn kote nou ekspozè elèv yo ak sa ki diferan epi nou montre yo pou yo apresye li. Se yon kominote kote yo apresye divèsite nan lang, kilti, ak relijyon. Nou fè anpil efò pou montre elèv yo pou yo gen kè sansib ak konprann moun, devlope ladrès elèv nou yo nan kominikasyon, ak kreye patenarya ki kle pou lavni.

Nou pral kenbe rès ak misyon nou, ak angajman nou pou elèv yo reyisi lekòl ak vin bon sitwayen monn nan. Nou pral ranfòse angajman nou pou divèsite, egalite, ak pou bay tout elèv, fanmi, ak manm pèsònèl nou yo menm opòtinite pou patisipe.

Lè mwen vizite lekòl nou yo, mwen wè yon lespwa pou demen. Sa ki te pase Charlottesville la ak konsekans li montre nou demen pa garanti - epi

nou bezwen vijilans, efò, ak kouraj moral pou reyalize li. Nou pral fè tout sa nou kapab pou garanti tout timoun nou responsab yo ka gen yon bèl demen, ansanm.